

Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени
«Гуьмсан муниципальни к1оштан
Гуьмсе г1алан «Берийн беш №16 «Дахар»

# ПРОЕКТ ПО ПАТРИОТИЧЕСКОМУ ВОСПИТАНИЮ НА ТЕМУ: «ЙОВР ЙОЦУ Ц1Е»

Кечйинарг лакхар кхетош-кхиорхо
Салихов Авхьадан Хадижа




## ПРОЕКТАХ ЛАЬЦНА ДОШ.

ПРОЕКТАН Ц1Е: «ЙОВР ЙОЦУ Ц1Е»

1АМОРАН ОБЛАСТЬ: КЪАМЕЛ КХИОР
ДЕКЪАШХОЙ: ЛАКХАРА, ИШКОЛАН КЕЧАМ БАРАН ТОБАНАШКАРА БЕРАШ,
КХЕТОШ-КХИОРХОЙ, ДАЙ-НАНОЙ.

ПРОБЛЕМА А, ИЗА КХОЧУШ ЙАР А:

1. КХИОРХОШНА НОХЧИЙН СИЙЛАХЬ ТУРПАЛХОЙ ЦА БОВЗАР;
2. ВАЙН КЪОМАНА Т1Е 1ИТТА ЙЕЛЛА ХАЛОНАШ ЦА ЙОВЗАР.

## КАРАРЧУ ХЕНАХЬ МЕХАЛА ЛОРУШ ДЕРГ (АКТУАЛЬНОСТЬ)

" ЙОВР ЙОЦУ Ц1Е " ПРОЕКТ БЕРИЙН БЕШАРА КХИОРХОШНА АКТУАЛЬНИ А, МЕХАЛА А Ю, ХIУНДА АЬЛЧА ЦО ЦХЬАЬНА ТОЬХНА БЕРАШ МАССО А АГIОР КХИОРНА А, ИСТОРИН ИЭС ЛАРДАРНА А ГIО ДЕШ ЙОЛУ МАСЕХ КОЬРТА АГIО. ДIАЯХАНЧУ ЗАМАНАНТУРПАЛХОЙ БОВЗАРО ГIО ДО ТIЕКХУЬУЧУ ЧКЪУРАН МАШАРАН А, ПАТРИОТИЗМАН А МЕХАЛЛЕХ БОЛУ КХЕТАМ КХОЛЛА. ДЕРРИГЕ А ОЬРСИЙЧОЬНАН ДЕШАРАН ЧУЛАЦАМ БУ ПАТРИОТИЗМ. «ПАТРИОТИЗМ» БОХУЧУ КХЕТАМНА ЧУЛОЦУ ДАЙМАХКЕ А, ШАВИНА А, КХИЪНА А ВОЛЧУ ЛАТТАНЕ БОЛУ БЕЗАМ, ХАЛКЪАН ИСТОРИЧЕСКИ КХИАМЕХ ДОЗАЛЛА ДАР. ТIЕМАН ТУРПАЛХОЙН ХЬУЬНАРШ ЛАРАРО БУХ КХУЛЛУ БЕРАШКАХЬ ПАТРИОТИЧЕСКИ СИНХААМАШ КХОЛЛАБАЛАРАН. МЕХАЛА ДУ, ЖИМЧОХЬ ДУЬЙНА ДОЬНАЛЛА А, ДАЙМОХК БЕЗАР А МЕХАЛА ХИЛАРХ КХЕТАР. ТУРПАЛАЛЛИН ТЕМАЦА БОЛХ БАРО АЬТТО БО БЕРИЙН СИНТЕМ А, КЪИНХЕТАМ А КХИО. ТIЕМАН ТУРПАЛХОЙН ДАХАРХ А, ХЬУЬНАРЕХ А ЛАЬЦНА ДИЙЦАРШ ДЕВЗАШ ХИЛАРО ГIО ДО БЕРАШНА КХЕЧУ АДАМИЙН СИНХААМЕХ КХЕТА А, ЦЕРАН МАЬIНЕХ КХЕТА А.

АММА ТIАЬХЬАРЧУ ХЕНАХЬ ХИЛЛА ХИЙЦАМАШ БАХЬАНА ДОЛУШ ВАЙН ЙУКЪАРАЛЛЕХЬ ЛАМАСТАН ПАТРИОТИЧЕСКИ СИНКХЕТАМ ДIАБАЛАР КХИН А ХААЛУШ ДУ. ЦУНДЕЛА ОЬШУ, ИШКОЛЕ ДОВЛАЛЕ А, БЕРАШКАХЬ ВАЙН ДАЙМЕХКАН ИСТОРИХЛАЬЦНА ЙУЬХЬАНЦАРА ТЕШАМЕ ОЙЛАНАШ А, ТIЕЙОГIУЧУХЕНАХЬ ИЗА IАМО ШОВКЪ А КХОЛЛА.
ХIИНЦАЛЕРЧУ БЕРАШНА ШАЙН ДАЙМОХКАН ИСТОРИХ ДОЛУ ХААРШ ЦА ТОАР А, ТIОМ ХIУН ЙУ ЦА ХААР А ЛОВШ ХИЛАРАНТИДАМ А БЕШ, МЕХАЛА ДУ ЦАРНА ТIАМАХ ЛАЬЦНА ДИЙЦАР.

«ЙОВР ЙОЦУ ЦIЕ!» Ц1Е ЙОЛУ ПРОЕКТАН IАЛАШО ЙУ БЕРАШНА ШАЙН ХАЛКЪАХ ДОЗАЛЛА ДАРАН СИНХААМ КХОЛЛАРНА, ТIАЬХЬ-ТIАЬХЬА ДАЙМАХКЕ А, КЪОМАН ТУРПАЛХОЙН БАЛХАХ А БЕЗАМ КХОЛЛАБАЛАРНА.
ЦУ ТАЙПАНА КХУ ПРОЕКТАН МЕХАЛА ГIИРС БУ ПАТРИОТИЧЕСКИ СИНХААМАШ КХИОРЕХЬ, БЕРАШКАХЬ ЭМОЦИОНАЛЬНИ ХЬЕКЪАЛ, КХОЛЛАРАЛЛИН ХЬУЬНАРШ КХИОРЕХЬ.

## ПРОЕКТАН IАЛАШО:

ШКОЛЕ КХАЧАЛЕ ДОЛЧУ БЕРАШНА ПАТРИОТИЗМ КХОЛЛАР .
СИЙЛАХЬ-БОККХАЧУ ДАЙМЕХКАН ТIАМЕХЬ ВАЙН ХАЛКЪО
ГАЙТИНЧУ ХЬУЬНАРХ ДОЗАЛЛА ДАРАН СИНХААМ КХИОР.
НОХЧИЙН ТУРПАЛХОЙХ , ЦЕРАН МАЙРАЛЛЕХ ДИЙЦАР .
ТУРПАЛХО САЙПУЛАЕВ АБДУЛВАХИД ВОВЗИЙТАР .

## ~~ПРОЕКТАН ДЕКХАРШ:~~

-ВАЙН ХАЛКЪАН ШОЛГIАЧУ ТIАМЕХЬ ТОЛАМ БАККХАРЕХЬ ТУРПАЛХОЧО САЙПУЛАЕВ АБДУЛВАХИДАС ЛАЬЦНА ДАКЪАДОВЗИЙТАР; ШОЛГIАЧУ ТIАМЕХЬ А, МОСТАГIЧУН МОГIАНАШНАТIЕХЬА А ДАХАР АДАМАШНА ДОВЗИЙТАР;
-ЦIЕРАН ТАЙП-ТАЙПАНЧУ ДАКЪОШКА ШОВКЪ КХИОР .
- ТIЕМАН ТЕХНИКАХ А, ТIЕМАН КОРМАТАЛЛАШКАХЬ БОЛЧУАДАМЕХ А ЛАЬЦНА ХААРШ КЪАСТОР, ШОРДАР;
-БЕРИЙН КЪАМЕЛ КХИОР, ИЛЛЕШЦА, СТИХОТВОРЕНЕШЦА, МОНОЛОГАШЦА, ТIАМАХ ЛАЬЦНА ДИАЛОГАШЦА ЦЕРАН ДЕШНИЙН ХАЗНА ХЬАЛДОЛУШ ХИЛАР.
- СИЙЛАХЬ-БОККХАЧУ ДАЙМЕХКАН ТIЕМАН ВЕТЕРАН САЙПУЛАЕВ АБДУЛВАХИД А, МАССО А ДАЙМОХК ЛАРБАРХОШКА А ЛАРАМ КХИОР.

## ПРОЕКТАН ТАЙПА:

1) ПРОЕКТАН ТАЙПА:
ХААМИЙН - КХОЛЛАРАЛЛИН
2) КХОЧУШ ЙАРАН ХАН: ЙАХАЛЛА (3 БУТТ).

## КХОЧУШ ДЕШ ДОЛУ ХЬЕХАРАН НЕКЪАШ:

1) КЪАМЕЛ КХИОР;
2) ЙУКЪАРАЛЛЕХЬ КХЕТОШ КХИОР;
3) ДОВЗАРАН КХЕТОШ - КХИОР.

САТИЙСАМАН ХИЛАМ:

БЕРАШНА ЛЕРИНА:

- КХИОРХОЙН НОХЧИЙН КЪОМАН ТУРПАЛХОЙ, ЦЕРАН ДАХАР ДОВЗИЙТАР;
- НЕНАН МОТТ БЕЗАР, ТУРПАЛХОЙН Г1ИЛЛАКХ, ОЬЗДАНГАЛЛА ЙОВЗА ЛААМ БЕРИЙН САМАБАККХАР;
- ШЕН КЪОМАН ИСБАЬХЬАЛЛИН КХОЛЛАРАЛЛА, 1АДАТАШ ДОВЗА, ДЕЗА ЛААМ КХЕТОШ – КХИОР; ШЕН МОТТ, КЪАМ ЛАРДАН ЛААМ КХОЛЛАБАЛИЙТАР.
- НОХЧИЙН КЪОМАННА Х1ИТТИНА ДОЛУ ИРЧА ДЕНОШ ДИЦ ЦА ДАЛИТАР;

КХЕТОШ - КХИОРХОШНА ЛЕРИНА:

- КХЕТОШ - КХИОРХОША, ДАЙ - НАНОША БЕЛХАН НИЦКЪАШ ЦХЬАНАТОХАР, ВЕТЕРАНАШ МАХКАН ТОЛАМ БОККХУШ ЛАЬЦНА ДАКЪА МЕХАЛЛА ДОВЗИЙТАР; КЪОМАН 1АДАТАШ, ЛАМАСТАШ ЮКЪАДАЛОШ КУЛЬТУРА ЛАРЙАР;
- СИНА - ОЬЗДАНГАЛЛИЙЦА КХЕТОШ - КХИОРАН ПЛАН Х1ОТТОР.

ДАЙ-НАНОШНА ЛЕРИНА:

- ШАЙН БЕРАШ КХЕТОШ - КХИОРЕХЬ ДАЙН - НАНОЙН БАКЪОНАШ КХОЧУШЪЯР;

«ЙОВРА ЙОЦУ Ц1Е» Ц1Е ЙОЛУ ЖИМА МУЗЕЙ Т1ЕЙУЗУШ ДАКЪАЛАЦАР.

ПРОЕКТ ЧАКХЙАЬЛЧА БЕРИЙН БИСАМ:
1) БЕРАШНА КЕРЛА ДЕШНАШ ХАЬА;
2) ЦЕРАН ГОЧДАР НИЙСА ДУ;
3) ВАЙН КЪОМАН КУЛЬТУРАН ДАКЪОШ БИЛГАЛДОХУ;
4) БЕРАШНА ВАЙН КЪОМАН ТУРПАЛХОЙ БОВЗУЬЙТУ.

ПРОЕКТ ЧАКХЙАЬЛЧА КХЕТОШ-КХИОРХОЙН БИСАМ:
1) КХЕТОШ-КХИОРХОША НОХЧИЙН МОТТ БИЙЦАР ШАРДЕЛЛА;
2) БЕРИЙН ДАЙ-НАНОШЦА ЙОЛУ ЙУКЪМЕТТИГ К1ЕДА-МЕРЗА ЙУ;
3) БЕРИЙН БЕШАХЬ КХЕТОШ-КХИОРХОЙ НОХЧИЙН МАТТАХЬБЕШ БОЛУ БОЛХ АЛСАМБАЬЛЛА.

ПРОЕКТ ЧАКХЙАЬЛЧА ДАЙ-НАНОЙН БИСАМ:
1) БЕРИЙН ДАЙ-НАНОША ДАКЪА ЛАЦАР БЕРИЙН БЕШАХЬ АЛСАМ ДАЬЛЛА;
2) КХЕТОШ-КХИОХОЙН А, ДАЙ-НАНОЙН А ВОВШЕ ЙОЛУ УЬЙР Ч1АГ1 ЙЕЛЛА;
3) ДАЙ-НАНОША БЕРАШЦА КЪОМАН ТУРПАЛХОЙН ДАХАРАХ, Т1АМАХ ЛАЬЦНА ДИЙЦАР СОВ ДАЬЛЛА.

ПРОЕКТ «ЙОВР ЙОЦУ ЦIЕ» ЙЕЧУ ХАНЧОХЬ НОХЧИЙН МОТТ БИЙЦАР АЛСАМДАЬЛЛА. БЕРАШНА ДУККХУ ДЕШНАШ ДЕВЗИНА, ИШТТА ТУРПАЛХОЙН ДАХАР, АМАЛШ, ГIИЛЛАКХАШ ДОЬВЗИНА, ТIЕМАН ЗАМАНАХЬ НОХЧИЙНТУРПАЛХО САЙПУЛАЕВ АБДУЛВАХИДАС ЛАЬЦНА ДАКЪАДОЬВЗИНА. ШАЙ ДАЙМЕХКАН, ЙУЬРТАН, КЪОМАН СИЙ ЛАРДАНДЕЗИ ХААР. БЕРАШНА ШАЙН ДАЙМАХКЕ БОЛУ ПАТРИОТИЗМ КХОЛЛА ЙЕЛЛА. ПРОЕКТ ДIАХЬОШ БЕРИЙН ШОВКЪ ШАЙНМЕХКАН ИСТОРИЦА, ДАЙМАХКАХ ДОЗАЛЛА ДАН.

ХАЬРЖИНА БЕРАШ ЛАКХАРА ТОБАНЕРА ДАРА, ХIУНДА АЬЛЧАУЬШ ЦХЬАЖИММА ХАН ЙАЬЛЧА ИШКОЛЕ БАХА БЕЗАШ БУ. ЦАРНА КОЬРТА ДУ ТУРПАЛХОЙН ДИКАЛЛА КЪАСТА ЙА ХААР, ЦУНАХ МАСАЛЛА ЭЦАР, ДИКА АМАЛШ КХИОР.

КХЕТОШ-КХИОРХОША А, ДАЙН-НАНОШ ЛАЬЦЦА ПРОЕКТ КХОЧУШ ЙАРАЬХЬ КОЬРТА ДАКЪА, «ДАЙН КХЕРЧ» ЦIЕ ЙОЛУ МУЗЕЙ ЙУЗУШ ГIО ДАР А, ОЬШУ МЕТОДИЧЕСКИ ДАКЪАН ТIАЬХЬ БОЛХ БАР.

ШЕКО ЙАЦ СУНА ХӀАРА ПРОЕКТ ЙАРАЬХЬ ХИЛЛА БАККХИЙРА КХИАМАШ, САЙН КОРМАТАЛЛА ГАЙТА ЙИШ ХИЛАРНА, ЦУЛТӀАЬХЬА САЙН ЦӀИЙРАХ ВОЛУ ТУРПАЛХОЧУННА САЙПУЛАЕВ АБДУЛВАХИДАН ЦӀЕ ЙОЬВР ЦАХИЛАР. ХИЛА ЛААР САН КӀЕЗЗИГ ХЬЕГНА КЪА БЕРИЙН БӀОШМАШКАХЬ ПАЙДЕХЬА А, КХУНАХ МАСАЛЛА ОЬЦИЙЛА ЙОЛУШ КХЕТОШ-КХИОРХОШНА. САН МЕТТЕ БОЛУ БЕЗАМ КХОЧЧУШ ДӀАГАЙТА АЬТТО БАРНА БАРКАЛЛА АЛА ЛАЬА ДАЙ-НАНОШНА А, ХЬЕХАРХОШНА А ПРОЕКТ КХОЛЛАРЕХЬ ДАКЪАЛАЦАРНА.

ЖАМӀ : ПРОЕКТАН ТӀАЬХЬ БИНЧУ БАЛХО ГОЙТУ НОХЧИЙН КЪОМАН ИСТОРИ ЙОВЗА ЛААР . ИШТТА БЕРИЙН ДАЙ- НАНОШЦА ЙОЛУ ЙУКЪАМЕТТИГ ГӀО ДАРЦА ЧӀАГӀЙЕЛЛА . БЕРИЙНА МАЙРАЛЛЕХ , КЪОНАХАЛЛЕХ МАСАЛЛА ХИЛАР .

## ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА

1.ГАЗЕТА «БЕРИЙН БЕШ».
2.ЖУРНАЛ «СТЕЛАIАД».
3.ИНТЕРНЕТ-РЕСУРСАШ.
4. МЕТОДИЧЕСКИ ПОСОБИ «НОХЧИЙН КЪОМАН ТУРПАЛХОЙ».
5. МАЦИЕВ А.Г. НОХЧИЙН-ОЬРСИЙН ДОШАМ
6. КАРАСАЕВ А.Т., МАЦИЕВ А.Г. ОЬРСИЙН-НОХЧИЙН ДОШАМ.
7.А. ИСМАИЛОВ «ДОШ» ЦIЕ ЙОЛУ НОХЧИЙН-ОЬРСИЙН ДОШАМ.











**Сайпулаев Абдулвахид Сайпулаевич (1912-1996г.)**

**Ветеран Великой Отечественной Войны.**

Был призван в Советскую Армию Гудермесским ГВК ЧИАССР 7 марта 1942г. 30 запасной артиллерийский полк. В 1943 году переведен в 102-ой Гвардейский истребительно-противотанковый артиллерийский полк. Уволен в запас по документам 11 ноября 1945г. реально был демобилизован 1947г. Был награжден многочисленными медалями в том числе медаль **«ЗА ОТВАГУ»** был представлен к ордену **«КРАСНОЙ ЗВЕЗДЫ»** но не был вручен в связи с известными событиями 1944г. Был награжден Орденом **«ОТЕЧЕСТВЕННОЙ ВОЙНЫ»** II степени 06.04.1985г. Участвовал в боях за освобождение г. Будапешта. Также был награжден юбилейными медалями: **«ТРИДЦАТЬ ЛЕТ ПОБЕДЫ В ВЕЛИКОЙ ОТНЧЕСТВЕННОЙ ВОЙНЕ 1941-1945 гг.»**, **«СОРОК ЛЕТ ПОБЕДЫ В ВЕЛИКОЙ ОТЕЧЕСТВЕННОЙ ВОЙНЕ 1941-1945 гг.»**, **70 ЛЕТ ВООРУЖЕННЫХ СИЛ СССР»**.

## САЙПУЛАЕВ АБДУЛВАХИД САЙПУЛАЕВИЧ (1912-1996) СИЙЛАХЬ-БОККХАЧУ ДАЙМЕХКАН ТIЕМАН ВЕТЕРАН.

НОХЧ-ГIАЛГIАЙН АССР-Н ГУДЕРМЕССКИ ПАЧХЬАЛКХАН ТIЕМАН КОМИТЕТО СОВЕТАН ЭСКАРЕ КХАЙКХИРА 1942 ШЕРАН 7 МАРТЕХЬ. 30-ГIА РЕЗЕРВАН АРТИЛЛЕРИН ПОЛК. 1943-ЧУ ШАРАХЬ ИЗА ДЕХЬАВАЬККХИНА 102-ЧУ ГВАРДИН ТАНКАШНА ДУЬХЬАЛ ЙОЛЧУ АРТИЛЛЕРИН ПОЛКЕ. РЕЗЕРВЕ ДIАВАЬККХИНА ДОКУМЕНТАШЦА 1945 ШЕРАН 11 НОЯБРЕХЬ. БАККЪАЛЛА А ДЕМОБИЛИЗАЦИ ЙИРА 1947 ШАРАХЬ.








ДУККХА А МИДАЛШ ЙЕЛИРА ЦУННА, ШАЙНА ЮКЪАХЬ «ЗА ОТВАГУ» МИДАЛ А ЙОЛУШ,
«ЦIЕН СЕДА» ОРДЕННА ХЬАЛХА ТЕТТИНА ВАРА, АММА 1944 ШЕРАН ДИКА БЕВЗАШ БОЛУ ХИЛАМАШ БАХЬАНА
ДОЛУШ СОВГIАТ ЦА ДЕЛИРА. ДАЙМЕХКАН ТIЕМАН 2-ГIА ДАРЖ ОРДЕН ЕЛЛА ЦУННА 06.04.1985-ЧУ ШАРАХЬ.
БУДАПЕШТ МУКЪАЯККХАРАН ТIЕМАШКАХЬ ДАКЪАЛАЬЦНА. ИШТТА ЦУННА ЕЛЛА ЮБИЛЕЙНИ МИДАЛШ:
«1941-1945-ЧУ ШЕРАШКАХЬ СИЙЛА-БОККХАЧУ ДАЙМАХКАН ТIАМЕХЬ ТОЛАМ БАЬККХИНА КХУТТ ШО»,
«1941-1945-ЧУ ШЕРАШКАХЬ СИЙЛА-БОККХАЧУ ДАЙМАХКАН ТIАМЕХЬ ТОЛАМ БАККХИНА ШОВЗТТ ШО»,
ТIЕМАН 70 ШО.




-го Украинского фронта во взаимодействии с частью
кого фронта к 04.04.45 г. полностью очистили от про
территорию Венгрии и 13.04.45 г. овладели г. Вена.




